दिन—शुक्रवार दिनांक—30.01.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राज्य सरकार, **मुख्यमंत्री महिला रोजगार** योजनाक अंतर्गत चयनित लाभार्थी सभ कँ दू लाख टाका धरिक अतिरिक्त सहायता देल जयबाक प्रक्रिया शुरू कऽ देलक अछि। राज्य मंत्रिमंडल एहि सँ संबंधित प्रस्ताव कँ मंजूरी दऽ देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सोशल मीडिया पोस्ट मे ई सूचना साझा कएलथि। श्री कुमार कहलनि जे एहि योजनाक तहत महिला सभ कँ रोजगार शुरू कयलाक छह महीना बाद आकलन करैत आवश्यकता अनुसार दू लाख टाका धरिक वित्तीय सहायता प्रदान कयल जायत।

---

जदयू कँ राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा कहलनि जे महिला सभ कँ रोजगार योजनाक तहत दू लाख टाका देल जायत। ओ कहलनि जे नीतीश सरकार प्रदेश के महिला सभक स्थिति नीक करबाक लेल लगातार काज कऽ रहल छथि। श्री झा विपक्ष पर आरोप लगबैत कहलनि जे जखन हुनक लगऽ मौका छल तखन ओ कोनो काज नहि कयलनि।

---

उपमुख्यमंत्री सह राजस्व एवं भूमि सुधार विभागक मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे अपराधी आओर माफिया सभ कँ कोनो स्थिति मे छोड़ल नहि जायत। श्री सिन्हा पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे भूमि सँ जुड़ल समस्या सभक समाधानक लेल सरकारक कार्रवाई लगातार जारी रहत। ओ स्पष्ट कयलनि जे अधिकारी सँ लऽ कँ बिचौलिया धरि जे किओ गलत काज मे शामिल हेताह हुनकर विरूद्ध कानून एक समान कार्रवाई करत।

---

भूमि विवाद सँ जुड़ल मामिला मे एक फरवरी सँ पुलिसक भूमिका समाप्त भऽ जायत। एहि संबंध मे आदेश जारी कऽ देल गेल अछि। आब भूमि विवादक मामिला मे पुलिसक भूमिका मात्र कानून व्यवस्था बनेबा धरि सीमित रहत। पुलिखक समक्ष प्राधिकार के आदेशक बिना दखल–कब्जा दियेबाक अधिकार नहि होयत।

————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति, मैट्रिक आओर इंटरमीडिएट के परीक्षा सभ पर निगरानीक लेल एग्जाम मिशन मोबाइल ऐप बनौलक अछि। एहि ऐप के माध्यम सँ परीक्षा केन्द्र पर निगरानी राखल जायत। ऐप के संचालनक लेल चयनित कर्मी सभ कँ प्रशिक्षण सेहो उपलब्ध कराओल गेल अछि। प्रदेश मे इंटरमीडिएट के परीक्षा दू सँ तेरह फरवरी आओर मैट्रिक के परीक्षा सत्रह सँ पच्चीस फरवरी धरि आयोजित कयल जायत।

————————————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चा, आलोक कुमार सिंह कँ पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष बनेलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहाक निर्देश पर प्रशांत पंकज आ सुभाष चन्द्रवंशी कँ पार्टीक पद्रेश कार्यकारी अध्यक्ष मनोनित कयलक अछि। ओतहि हिमांशु पटेल के पार्टीक प्रधान महासचिव बनाएल गेल अछि।

————————————————————————

देश आइ राष्ट्रपिता महात्मा गाँधी कँ हुनक अठहत्तरम पुण्य तिथि पर श्रद्धापूर्वक स्मरण कऽ रहल अछि। एहि दिन कँ शहीद दिवस के रूप मे सेहो मनाओल जायत अछि। आजुक दिन उन्नीस सय अड़तालीस के महात्मा गाँधीक हत्या कऽ देल गेल छल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी.पी राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर कांग्रेस नेता राहुल गांधी राजघाट मे महात्मा गाँधीक समाधि पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। प्रधानमंत्री सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे गाँधी जीक व्यक्तित्व आओर हुनक काज देशवासी कँ सदिखन सत्य आओर कर्तव्यक मार्ग पर चलबाक लेल प्रेरित करैत रहत। एहि अवसर पर दिल्ली मे राष्ट्रपिताक समाधि स्थल राजघाट पर सर्वधर्म प्रार्थना सभाक आयोजन कयल गेल। पटनाक गाँधी घाट मे आयोजित मुख्य राजकीय समारोह मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री

नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आओर संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी समेत कतेको गणमान्य लोक राष्ट्रपिता कैं श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार सेहो राष्ट्रपिताक पुण्यतिथि पर श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————

चक्रवाती हवाक प्रभाव सँ राजधानी पटना समेत कतेको जिला सभ मे मौसम मे बदलाव देखल जा रहल अछि। रौद रहलाक बादो सर्द हवा सँ ठंढा बढि गेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार आइ भागलपुर कैं सबौर मे सभ सँ कम न्यूनतम तापमान दस डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। ओतहि, गया मे सभ सँ कम न्यूनतम दृश्यता तीन सय मीटर रहल। विभागक अनुसार अगिला तीन सँ चारि दिनक बीच तापमान मे वृद्धि होयबाक संभावना अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।